



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI ESPAS EVÈNMAN RED BARN NAN KONTE COLUMBIA

Amelyore Vil Hudson nan kreye yon destinasyon pou plizyè itilizasyon pandan tout ane a ki konplete pati bò lanmè vil la

Sistèm chofaj ak refwadisman ki totalman elektrik, amelyorasyon nan efikasite enèji ak pano solè sou sit pou diminye anprent kabòn ak redui depans enèji

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Red Barn nan Hudson, Konte Columbia. Nouvo adisyon sa a nan bò lanmè istorik Hudson, ki sitiye tou pre estasyon tren Hudson lan, pral ofri vizitè yo opsyon manje ak makèt epi li gen ladan plis pase 6 milyon dola nan depans konstriksyon pou nouvo Caboose, yon espas evènman, yon restoran ki gen sèvis konplè, magazen vant an detay Grapefruit Wines, plis espas pou lòt aktivite kominotè. Sit Red Barn ki fèk fini an, ke South Front Street Holdings LLC te kreye a, ofri yon espas dinamik pou plizyè itilizasyon pandan tout ane a ki pral anplifye ak konplete lòt aktivite sou bò lanmè Hudson epi ede avanse revitalizasyon bò lanmè a pou rejyon an.

"Riviyè Hudson se youn nan pi gwo resous Eta New York epi li enpòtan pou nou fè investisman ki pwoteje ak prezève anviwònman natirèl nou an pandan l ap grandi ekonomi an nan kominote ki alantou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Red Barn nan Hudson se yon egzanp pafè konstriksyon dirab ki pwoteje anviwònman nou an, epi li fèt nan yon fason ki pral atire plis biznis epi devlope ekonomi touris lokal la".

Sitiye nan "BRIDGE District" Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Hudson lan, sit la gen ladan yon bilding granj istorik poto ak pout 6,500 pye kare, ak Bilding Mache 4,000 pye kare. Bilding Mache a gen ladan Mache ak Restoran Kitty's, ki kounye a vin ansanm ak Caboose ak Grapefruit Wines nan bilding granj adjasan an pou kreye yon espas ki pral aktive ak anime plis distri bò lanmè Hudson pandan tout ane a. Sit la gen ladan yon gwo jaden, ki sèvi kòm sit pou yon lis dinamik espektak ak lòt pwogram kominotè.

Ouvèti Red Barn Hudson konplete twa ane nan konstriksyon, ki te transfòme de bilding ki te neglije depi lontan nan kè bò lanmè Hudson lan. Reyamenajman dirab, itilize mezi enèji vèt konplè ak sistèm rijid enjenyè pou reyalize operasyon 100% net an kabòn pou

bilding granj lan se te yon eleman kle nan planifikasyon jeneral sit la. Renovasyon nan Bilding Barn lan te gen ladann pwoteksyon esansyèl pou sele anvlòp la lè l sèvi avèk pano izolman estriktirèl (structural insulation panels, SIP) pou pèmèt pèfòmans enèji ki efikas pandan tout ane a avèk sistèm ki totalman elektrik. Onore pase bilding nan, estrikti ak chapant orijinal la, ki gen ladan pout yo, chevron yo ak planche a, yo te prezève ak restore avèk atansyon, epi yo te reyitilize nan nouvo bilding lan.

Orijinèlman yon estrikti bwa ki pa kondisyon ki te chita sou pil siman dirèkteman anlè tè a, menm jan ak konstriksyon teras rezidansyèl yo, renovasyon an te gen ladann gwo amelyorasyon pou renove ak reyitilize ansyen sit ki te abandone sa a avèk yon konsepsyon vèt inovatè, ki gen ladan yon fondasyon konplètman nouvo avèk yon mi anti-jèl ak yon kouch gravye pou pèmèt dlo koule nan ka inondasyon, yo tout byen izole; mi eksteryè ak do kay yo te retire, epi ranplase ak panno izolan estriktirèl; kondisyon pwoteksyon solid pou sele totalman kloti tèmik la; ak enstalasyon sistèm mekanik ak enèji ki totalman elektrik. Onore pase bilding nan, estrikti ak chapant orijinal la, ki gen ladan pout yo, chevron yo ak planche a, yo te prezève ak restore avèk atansyon, epi yo te reyitilize nan nouvo bilding lan. Etablisman an pral mache avèk enèji pwòp, renouvlab ki soti nan pano solè sou plas yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "NYSERDA fyè dèske li te bay Red Barn Hudson sipò kòm investisman nan pwojè devlopman ekonomik epi dirabilite anba lavil atravè eta a pral pote rezilta pou kominote lokal yo pou jenerasyon k ap vini yo. Pwojè tankou Red Barn ap idantifye solisyon ki non sèlman prezève eritaj kiltirèl inik New York la, men tou k ap ede amelyore li gras ak amelyorasyon efikasite enèji ki gen gwo pèfòmans ak enèji renouvlab ki pral ofri yon eksperyans ki pi an sante, ki pi agreyab pou manm kominote a ak vizitè yo".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwojè Red Barn lan se yon egzanp pafè devlopman dirab ki ka reyanime yon kominote. Bò lanmè Hudson lan ap transfòme pou tounen yon destinasyon ki atire moun nan lokalite a ak vizitè yo bò rivaj pitorèsk li yo epi Red Barn se yon adisyon ki byenvini nan rejyon an".

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Atravè pwogram Market New York la, I LOVE NY sipòte pwojè investisman ki kreye lokal nouvo ak atiran ki akeyi wwayajè yo ak ankouraje touris rejyonal. Transfòmasyon Red Barn nan Hudson ofri yon nouvo destinasyon enteresan ki fasilman aksesib epi ki konplete lòt atraksyon lokal soti nan sit istorik rive nan enstitisyon atistik, sa ki montre ankò poukisa li fasil pou nou renmen New York".

Ben fain, nan South Front Street Holdings LLC, te deklare, "Pwojè a transfòme bilding sa yo ki pa te itilize anvan pou tounen yon resous kominote dinamik ak yon destinasyon pandan tout ane a pou kominote nou an. Nou kontan anpil pou nou reyabilite ti kwen Hudson sa a, pou nou pote nouvo biznis ak opòtinite sou bò lanmè epi

anime distri bò lanmè a pandan tout ane a, epi nou pa t ap ka fè sa san sipò jenere Gouvènè Hochul, NYSERDA ak ESD".

Pwojè a te resevwa plis pase 1.5 milyon dola nan men NYSERDA atravè Pwogram Devlopman Ekonomik Kominote Net an Kabòn li a, ki bay ankourajman avèk sipò sible pou pwojè ki sitiye nan kominote defavorize yo ak distri DRI yo, pou diminye emisyon ak amelyore kalite lavi pou rezidan yo ak vizitè yo epi bay priorite a envestisman yo nan bati pwojè modènizasyon ki lakòz travay ki bay salè ak benefis ki sipòte fanmi yo. Sitiye nan yon kominote ki istorikman defavorize, pwojè Red Barn lan gen ladan amelyorasyon pou sele anvlòp tèmik la epi enstale sistèm ak ekipman ki efikas pou enèji, totalman elektrik pou chofaj, refwadisman, dlo cho, ak vantilasyon (tankou pou yon kwizin restoran komèsyal). Etablisman an pral mache avèk enèji pwòp, renouvlab ki soti nan pano solè sou plas yo. Anplis de sa, pwojè a te resevwa yon sibvansyon Market New York prèske 421,000 dola, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la rekòmande.

Barn lan rejwenn lòt pwojè enèji dirab k ap fèt sou bò lanmè Hudson, ki gen ladan Basilica Hudson ak Kite's Nest, elaji ak amelyore yon seri pwojè inovatè enèji vèt ki ansanm kapab demontre ki jan divès kalite òganizasyon - komèsyal, edikatif, kiltirèl ak kominotè; sa ki gen bi likratif ak sa ki pa gen bi likratif - ka itilize enèji dirab ak boujonnen. Red Barn Hudson se yon konektè enpòtan nan mitan pwojè sa yo, ki solidifye seri pwojè enèji vèt inovatè sa a ak kreye yon rezo vèt trè 21yèm syèk sou bò lanmè istorik la.

Ko-Prezidan CREDC, Ruth Mahoney, Vis Prezidan Egzekitif, Prezidan Jesyon Richès ak Prezidan Rejyonal nan NBT Bank, ak Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare, "Red Barn lan montre kijan n ap travay ansanm pou prezève pase Hudson ak revigore prezan ak avni li. Pwojè pou itilizasyon miks sa a reflekte apwòch estratejik nou an pou dirabilite ak revitalizasyon epi li pral tounen yon leman dinamik pou rezidan yo ak vizitè kominote popilè Hudson River sa a".

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Red Barn vle di plis pase jis yon kontribisyon nan revitalizasyon bò lanmè Hudson lan; li se yon katalizè pou devlopman anviwònman entelijan ki montre kijan jerans ak antreprenarya ka mennen kwasans dirab, amelyore lavi fanmi lokal yo, ak ranfòse pwosperite ekonomik nò eta a pandan l ap priorize enèji vèt ak objektif klimatik nou yo. Mwen fyè pou m sipòte reyamenajman dirab sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, NYSERDA, ak ESD pou vizyon yo nan rekonèt gwo potansyèl Red Barn".

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Red Barn Hudson se yon nouvo devlopman enteresan pou Bridge District istorik Hudson lan, k ap sèvi kòm yon espas kominotè ki gen plizyè itilizasyon anfas estasyon tren an, ki asireman atire rezidan ak vizitè yo. Antanke Prezidan Enèji Asanble Eta New York la, mwen espesyalman kontan anpil envestisman NYSERDA te fè nan espas sa a ki net an kabòn, totalman elektrik ki pral sèvi kòm yon modèl pou reyitilizasyon ak revitalizasyon komèsyal ki efikas pou enèji. Mwen felisite Ben Fain ak ekip li a pou pèsistans yo nan rive fini pwojè sa a ke yo t ap

tann depi lontan epi mwen remèsye Empire State Development ak Gouvènè Kathy Hochul pou sipò yo nan pwojè sa a".

Majistra Vil Hudson Kamal Johnson te deklare, "Red Barn se yon adisyon ekstrèmman enteresan nan sa nou gen pou ofri nan lokalite nou bò lanmè. Se yon bèl bagay pou nou wè kokenn devlopman fòmidaab epi ki adapte a enèji tankou sa a ki reyalize isit la nan Hudson".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)